

# Asirans de Sante Apre Akouchman pou moun ki enskri nan Medicaid ak Child Health Plus pwolonje apati 60 jou jiska un an

**Apati 1ye Mas 2023, fanm ansent ak timoun ki gen fèb revni ki ansent epi ki enskri swa nan Medicaid ak/oswa nan Child Health Plus ap kalifye kounye a pou resevwa sante apre akouchman jiska douz mwa, san konsiderasyon sityasyon imigrasyon yo oswa kijan gwosès la fini.**

## Kisa sa vle di


- Sa vle di asirans de sante apre akouchman pou moun ki enskri nan Medicaid ak/oswa Child Health Plus ap dure pou douz mwa apre kouch san konsidere ankenn chanjman nan revni yon moun oswa kantite moun ki rete ave'l nan kay l pandan peryòd gwoses la sa ki te kapab diskalifye yo.
- Sèvis Medicaid ak/oswa Child Health Plus ap kouvri pandan 12 mwa e sa a enkli tout gam avantaj avek Medicaid ak/oswa Child Health Plus, komans nan vizit doktè rive nan vizit lopital, medikaman sous preskripsyon, ansanm ak yon ban lot bagay , kòm sikoterapi.

## Istwa pase

- Gouvènman federal la te entrodui yon nouvo règ nan 2021 kom yon pati de American Rescue Act la, ki pwolonje asirans de sante apre kouch de 60 jou jiska 12 mwa apre akouchman pou nenpòt eta ki swete aplike opsyon sa. New York te adopte nouvo règ sa e li se 35yèm eta ki apwouve ekstansyon sa a .
- Desizyon New York pou l aplike opsyon federal pou pwolonje asirans pou apre kouch sipòte plan Aksyon Swen Matènite administrasyon Biden pou amelyore sante manman, sitou nan kominote defavorize yo. Pi gwo rezon pou ekstansyon sa a se pou bese inegalite sosyal an koneksyon avèk mòbidite apre akouchman ak mòtalite pa asire Nouyòkè ke yo mal sèvi resevwa otan swen sante ke yo bezwen pandan un an apre akouchman.
- Nan kad siksè pledwaye kanpay NYIC's [Coverage4All](#) la epi yon pa enpòtan nan jwenn kouvèti swen sante pou tout Nouyòkè, Bidjè Leta New York 2023 te gen ladann yon pwovizyon pou elaji kouvèti apre kouch pou kouvri tout fanm ansent ak timoun defavorize ki ansent, san konsidere sityasyon imigrasyon, ki satisfè kritè revni anba Medicaid and Child Health Plus.

## Kalifikasyon

- Moun ki kalifye pou benefis sa a enkli tout moun ki, pandan yo ansent, te kalifye epi te resevwa benefis anba New York State Medicaid oswa New York State's Child Health Plus. Apati Bidjè Eta 2024 la, moun ki enskrit nan Essential Plan ap kalifye pou benefis.
- Moun ap rete kalifye pandan toutan gwosès la (tankou nenpòt peryòd kalifikasyon retwoaktif), menm si gwosès la fini, ak peryòd apre akouchman 12 mwa.
- Peryòd apre akouchman 12 mwa ap kòmanse nan dènnye jou gwosès la epi lap fini nan dènnye jou 12èm mwa.
- Alòske asirans Medicaid sa ap ekstande san konsiderasyon pou chanjman nan revni yon moun oswa kantite moun nan kay la pandan peryòd la, kalifikasyon pou asirans lan kapab koupe pandan peryòd la akòz de kondisyon sa yo:
  - (1) si yon moun mande pou retire l nan pwogram nan volontèman;
  - (2) si yon moun kite Eta;
  - (3) si yo jwenn kalifikasyon moun lan pa t kòrèk nan dènnye redetèminasyon an oswa si kalifikasyon an te detèmine akòz erè oswa fwod, abi oswa fo sèman; epi
  - (4) si moun lan mouri.



## Enskripsyon

Enskripsyon nan Medicaid ak/oswa Child Health Plus ka fèt nenpòt lè pandan ane a.

Kijan pou aplike:

- Anliy nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov). Genyen yon fonksyon chat sou sitwèb la pandan lè sant sèvis kliyan pou ede w ranpli aplikasyon w lan.
- Rele Sant Sèvis Kliyan NY State of Health nan [1-855-355-5777](tel:1-855-355-5777).
- Jwenn asistans pou enskripsyon gratis nan men yon Navigatè, nan biwo oswa nan telefòn. Jwenn yon Navigatè nan [info.nystateofhealth.ny.gov/ipanavigatorsitelocations](http://info.nystateofhealth.ny.gov/ipanavigatorsitelocations).
- Jwenn enfòmasyon nan plizyè lang sou kouvèti sante nan [info.nystateofhealth.ny.gov/InformationalMaterials](http://info.nystateofhealth.ny.gov/InformationalMaterials)
- Rezidan New York City yo: rele [311](tel:311), tekste "CoveredNYC" bay 877-877, oswa vizite [on.nyc.gov/healthinsurance](http://on.nyc.gov/healthinsurance) pou w jwenn èd ak resous anplis.
- Si ou nan fanmi dakèy oswa yon jèn nan fanmi dakèy epi ou pa kalifye pou enskri nan New York State of Health Marketplace, ou ka aplike tou nan Depatman Sèvis Sosyal lokal ou ([health.ny.gov/health\\_care/medicaid/ldss.htm](http://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm))

